



Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## ANVAN JOU FÈT PAPA A, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KANTITE REKÒ PAPA NAN NEW YORK KI TE ITILIZE PWOGGRAM KONJE FAMILYAL PEYE NASYONAL AN 2021

*Baz done entèRaktif ki fèk disponib la montre plis travayè ap itilize pwogram ki pi solid nan nasyon an chak ane pou kreye lyen ak ptit yo epi pran swen manm fanmi yo*

*Jwenn aksè nan baz done entèraktif la [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yon kantite rekò travayè yo te itilize pwogram istorik konje familyal ki peye New York la pou yo kreye lyen ak ptit yo oswa pou pran swen yon manm fanmi ki malad grav an 2021. Done yo, ki pibliye nan yon baz done entèraktif, montre ke nan kat premye ane yo nan pwogram nan to itilizasyon jeneral la, kantite gason ki pran konje patènité peye chak ane, ak longè mwayèn nan tan konje yo tout ogmante chak ane. Anplis de sa, itilizasyon konje fanmi peye a pi wo avèk travayè ki gen salè ba ak modere yo.

"Okenn moun pa ta dwe gen pou chwazi ant pran swen yon pwòch ak yon salè, epi rezulta jodi yo montre kijan konje familyal peye enpòtan anpil, espesyalman pou Nouyòkè nan klas travayè yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Jou Fèt Papa sa a, mwen vrèman ankouraje pou m wè ke gason yo te pwofite avantaj sa a avèk anpil antouzyas pou pran swen ptit yo epi pou yo fè lyen ak ptit yo epi ke plis nan yo ap itilize konje familyal peye chak ane".

"Pwogram konje familyal peye a te bay travayè New York yo fleksibilite pou yo bay priyorite ak sa ki pi enpòtan: fanmi", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare**. "Kòm mari ak papa de jèn ti gason, mwen konnen kijan konje peye enpòtan anpil lè yo bezwen w lakay ou pou pran swen ptit ou oswa yon pwòch ou. Jou Fèt Papa sa a, mwen bat bravo pou tout papa yo ki te pwofite pwogram enpòtan sa a epi ankouraje angajman kontinyèl yo pou enplikasyon ak patisipasyon aktif fanmi an".

An 2016, sèlman 13 poustan nan travayè nan tout peyi a te genyen konje familyal peye. Depi New York te adopte lwa nasyonal ki bay plis pase 7.5 milyon travayè konje familyal peye, yo te peye plis pase 543,000 reklamasyon pou konje familyal nan kat premye ane pwogram nan, avèk yon nivo rekò 146,708 reklamasyon an 2021.

**Sirentandan Depatman Sèvis Finansye a, Adrienne A. Harris, te deklare**, "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li pozisyone New York kòm yon lidè nan konje familyal peye. Pwogram konje familyal peye eta a enpòtan pou asire estabilite finansye tout Nouyòkè yo, ki asire travayè yo ka pran konje san konsekans negatif tankou pèdi yon travay oswa yon gwo kantite revni. Done ki disponib yo jodi a nan yon baz done piblik pral pèmèt nenpòt moun swiv siksè pwogram lan epi kapab se yon zouti pou lòt antite eta ak federal yo pou adopte pwogram similè".

**Prezidan Konsèy Konpansasyon Travayè Eta New York Ia, Clarissa M. Rodriguez, te deklare**, "Se yon bèle bagay pou nou wè konje familyal peye ap ede Nouyòkè yo, sitou travayè ki gen revni ba yo, ki gendwa pa te gen kapasite pou yo rete avèk pwòch yo nan moman bezwen yo. Jiskaprezan, yo te peye plis pase yon demi milyon reklamasyon pou konje familyal peye bay travayè ki bezwen pwoteksyon travay, konje peye nan travay, kit se pou kreye lyen ak yon novo timoun, pran swen yon manm fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav oswa sipòte fanmi pandan yon deplwaman militè aletranje. Nou fyè dèské konje familyal byen New York la vrèman ap ede konstwi fanmi ki solid."

**Senatè Eta Joseph P. Addabbo Jr. te deklare**, "Depi kreyasyon li, konje familyal peye Eta New York la te trè enpòtan pou bay Nouyòkè yo kapasite pou pran swen pwòch yo san yo pa gen plis estrès pou pèdi salè enpòtan yo oswa pi mal, travay yo. Li ankourajan pou nou wè anpil travayè ki gen salè ki ba ak modere k ap pwofite ak benefisyè pwogram konplè New York la. Mwen pa ka tann pou 2023 rive kote pwojè Iwa mwen an pral elaji plis pwogram nan pou ajoute swen frè/sè yo pou antre anvigè. Mwen rekonesan dèské Gouvènè Hochul te rekonèt enpòtans pou elaji pwogram reyisi nou an, ki te mete New York menm pi devan peyi a lè li gen pou wè ak bay anplwaye yo yon opòtinite pou bay fanmi priyorite".

**Senatè Eta Jessica Ramos te deklare**, "Pwogram Konje Peye Familyal New York la se yon modèl pou rès peyi a. Mwen espere ke siksè pwogram sa a kapab yon rapèl tou pandan n ap rekonstwi rezo sekirite New York nan lòt fason. Benefis agrandi, aksesib ki disponib pou tout travayè nan fòs travay nou an asire ke bezwen swen an pa antre an konpetisyon ak bezwen pou siviv".

**Manm Asanble, Cathy Nolan, te deklare**, "Mwen remèsyé Gouvènè Hochul paske li mete aksan sou Iwa sou konje familyal peye New York nan Jou Fèt Papa sa a. Antanke sipòtè prensipal pwojè Iwa a pandan plizyè ane nan Asanble a, li gratifyan pou nou wè enpak pozitif pwogram nan te genyen sou anpil fanmi nou depi lè li te adopte, tou de nan distri mwen an ak nan tout eta a. Mwen espere ke, depi nan adopsyon A10224A/S09167A, plis etid pral bay Gouvènè a ak Lejislati a enfòmasyon ki nesesè pou asire konje familyal peye kontinye agrandi ak gen siksè. Li enpòtan pou nou ogmante konsyans sou disponiblité benefis pou fanmi tout fòm ak tout gwosè, kontinye travay pou retire baryè pou jwenn aksè, epi asire Nouyòkè ki bezwen avèk fanmi yo nan moman enpòtan gen sekirite finansye ak fleksibilite pou fè sa".

**Manm Asanble Latoya Joyner te deklare**, "Pandan n ap prepare pou selebre Jou Fèt Papa a, done yo montre ke papa yo atravè New York ap itilize Lwa Konje Familyal eta nou an pou ranfòse lyen familyal yo nan jwe yon pi gwo wòl nan lavi pitit yo epi bay sipò pou pwòch yo. Lwa sou Konje Familyal New York la se yon vrè istwa siksè epi mwen pa ka tann pou m travay avèk Gouvènè Hochul pandan n ap fè New York vin yon kote ki pi atiran pou viv, travay ak leve yon fanmi".

**Manm Asanble a Sandy Galef te deklare**, "Papa yo enpòtan anpil pou devlopman pitit yo epi li enpòtan pou yo kapab konekte ak tibebe ki fenk fèt yo - oswa si youn nan pitit yo gen yon kondisyon kote yo bezwen sipò siplemantè, dènye bagay yon papa ta dwe gen pou enkyete li se sitiyasyon travay li. Jou fèt Papa sa a, mwen rekonèt moun k ap bay swen dezenterese yo ki pran swen timoun yo nan eta nou an, epi mwen fyè dèské isit la nan New York nou ofri konje familyal peye pou papa sa yo ka toujou mete bezwen fanmi yo an premye".

**Ko-prezidan ak Ko-fondatè A Better Balance Ian, Sherry Leiwant, te deklare**, "A Better Balance bat bravo pou Depatman Sèvis Finansye New York ak Konsèy Konpansasyon Travayè a paske yo te rasanble ak divilge done detaye sou itilizasyon pwogram konje familyal peye revolisyonè New York la. Done sa yo enpòtan anpil pou eta nou an konprann byen enpak pwogram konje familyal peye a. Nouvèl ke itilizasyon an kontinye ap grandi sèlman epi ke pwogram nan benefisyè Nouyòkè ki gen revni ba ak modere yo demonstre enpòtans konje familyal peye a pou fanmi New York yo. Nouvèl ke papa ak manman yo ap pwofite pwogram nan se yon gwo nouvèl pou timoun ak fanmi yo atravè eta a ak pou objektif nou tout pataje pou fanmi solid ak ekite sèks yo".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sosyete Sèvis Kominotè nan New York, David R. Jones, te deklare**, "Kòm youn nan premye defansè konje familyal peye, li enteresan pou m wè ke itilizasyon konje familyal peye a ap ogmante depi kreyasyon li. Nan rann li pi fasil pou paran yo kreye lyen ak tibebe ki fenk fèt yo oswa pou pran swen yon lòt manm fanmi an, konje fanmi peye a ap ede anplwaye yo jere travay ak responsabilite pou bay swen pi byen epi fè yo pi pwodiktif. CSS pa ka tann pou li travay avèk eta a pou kontinye ogmante sansibilizasyon sou benefis sa a".

Rezulta kle yo apati done yo gen ladan:

- Kantite reklamasyon peye yo te ogmante chak ane nan pwogram nan, eksepte yon ti bès an 2020, ki gendwa se akòz enpak pandemi COVID-19 la. Pousantaj itilizasyon konje familyal peye New York (pousantaj travayè ki kouvri yo ki te itilize benefis la nan yon ane) te ogmante san rete chak ane soti nan 1.65 pousan an 2018, pou 1.85 pousan an 2019, 1.86 pousan an 2020, ak 1.91 pousan an 2021.
- Paran yo itilize pi souvan benefis la pou pran tan pou pran swen yon timoun ki fèk fèt, adopte, oswa nan fanmi dakèy oswa kreye lyen ak li, avèk 83,500 reklamasyon an 2018; 101,700 an 2019; 98,700 an 2020; ak 105,900 an 2021.

- Plis gason ap pran konje patènité chak ane pou pran swen ptit yo epi kreye lyen avèk yo. Pousantaj reklamasyon pou konje familyal peye pou kreye lyen ak yon timoun ke yon gason leve te ogmante chak ane: 30.7 pousan (25,674 reklamasyon) an 2018; 33.2 pousan (33,732 reklamasyon) an 2019; 36.3 pousan (35,860 reklamasyon) an 2020; ak 38.2 pousan (40,477 reklamasyon) an 2021.
- Plis moun ap pran swen manm fanmi ki malad grav. 27.8 pousan nan reklamasyon yo te soti nan Nouyòkè ki te pran konje peye pou pran swen yon manm fanmi ki malad grav, epi pi souvan, pou pran tan pou pran swen yon paran ki malad.
- Tan konje an mwayèn yo te pran te ogmante chak ane soti nan 5.5 semèn an 2018 rive nan 7.7 semèn an 2021.
- Itilizasyon konje familyal peye te pi wo pou travayè ki gen revni ba ak modere. Pousantaj itilizasyon ki pi wo nan ane 2018, 2019, ak 2020 se te pou travayè ki te touche mwens pase 40,000 dola chak ane (38,005, 41,752, ak 34,953 reklamasyon respektivman) epi an 2021 pi gwo itilizasyon an te soti kote travayè ki gen revni anyèl ant 40,000 dola ak 60,000 dola (34,517 reklamasyon).

Anplis de sa, rapò a montre travayè Eta New York nan chak reyon New York te pwofite benefis nasyonal sa. Reklamasyon yo selon reyon an 2021 gen ladan:

- Vil New York (44,203)
- Long Island (21,516)
- Mid-Hudson (15,172)
- Reyon Lwès New York (13,115)
- Finger Lakes (11,446)
- Reyon Kapital (8,862)
- New York Santral (5,474)
- Southern Tier (4,257)
- Mohawk Valley (3,531)
- North Country (2,727)
- Pa presize oswa andeyò Eta a (16,639)

Anvigè depi 2018, pwogram konje familyal peye New York la se yon asirans pou peye anplwaye ki bay travayè yo konje ki pwoteje travay yo, konje peye pou kreye lyen avèk yon timoun ki fèk fèt, adopte oswa nan fanmi dakèy, pran swen yon manm fanmi ki gen kondisyon sante grav (sa ka enkli ka COVID-19 grav) oswa ede pwòch yo lè yon manm fanmi an deplwaye aletranje nan sèvis militè aktif.

An 2021, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki elaji benefis la pou pèmèt Nouyòkè yo pran konje peye pou pran swen yon frè/sè ki malad grav. Nouvo benefis sa ap antre anvigè an 2023.

Konje familyal peye a ka disponib tou nan kèk sitiyasyon lè yon anplwaye oswa minè, timoun depandan anba yon lòd karantèn oswa izòlman akòz COVID-19. Travayè kalifye yo ka pran jiska 12 semèn lib nan 67 poustan peman yo (jiska yon limit) nan moman bezwen.

Pou detay konplè sou pwogram konje familyal peye Eta New York la, sa gen ladan kijan pou w aplike, ale sou [PaidFamilyLeave.ny.gov](http://PaidFamilyLeave.ny.gov).

Pou detay konplè sou baz done entèraktif DFS la sou itilizasyon konje familyal peye Eta New York la, ale [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418